



AMERICAN
IMMIGRATION
LAWYERS
ASSOCIATION



Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon rete w nan lari

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frape pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou. Ou pa oblije reponn okenn kesyon li mande w.
 - Ou kab mande ajan an si w gen dwa ale. Si ajan an di w non ou ka sèvi ak dwa w genyen pou w pa di li anyen.
 - Si yo mande w nan ki peyi w te fèt oubyen kouman ou fè antre Ozetazini, ou ka refize pou w reponn oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa a awotvwa.
 - Ou ka montre ofisye yo kat ki make [Konn ki dwa ou geyen](#), kat sa a ap fè yo konnen ou pa vle di anyen epi ou ta renmen pale ak yon avoka.
 - Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
 - Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.
- **Ou gen dwa refize yo fouye w oubyen pou yo fouye zafè w.** Si yo fè w kanpe men yo pa arete w, ou pa oblije dakò pou yo fouye w oswa pou yo fouye afè ou. Men si ajan an sispèk ou gen zam sou wou li kapab tape kò w lejèman pou l wè si w gen zam sou wou.
- **Ou gen dwa pale ak yon avoka.** Si yo kenbe w oubyen si w nan eta darestasyon, ou gen dwa kontakte yon avoka tousuit

- Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
- Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka a. Si w gen yon [Fòm G-28](#), ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
- Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
- Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a kab ede w jwenn yon avoka.
- Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
- Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

Si w ta vle plis enfòmasyon sou dwa w yo oubyen ou ta renmen konnen si w gen posiblite ou ka kalifye pou jwenn kèk avantaj nan imigrasyon oubyen yon èd, al kot yon bon avoka. Al sou sit sa a: www.aialawyer.com pou w ka jwenn yon avoka ki nan zòn ou an.

Pèsonn pa dwe sèvi ak enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy yon avoka.